



Demann pou Aranjman Rezonab: Abri Ijans Fanmi Massachusetts EA

Èske ou bezwen èd ak fòm sa a? Ou ka ranpli fòm sa a alekri, oswa ou ka pale avèk nou pou ba nou enfòmasyon an. Nou ka ede w fè demann ou an yon lòt fason tou. Ou ka kontakte nenpòt moun nan chèltè w la, tankou kowòdonatè ADA chèltè w la pou jwenn èd. Ou ka tou kontakte kowòdonatè santral ADA EOHLC yo pou jwenn plis èd, lè w voye yon imèl nan EOHLCeada@mass.gov.

Enstriksyon

- Ki objektif fòm sa a?** Fòm sa a fèt pou moun ki bezwen èd oswa chanjman nan chèltè yo oswa nan règ pwogram yo. Moun nan dwe bezwen èd oswa chanjman sa yo **akòz yon andikap**. Èd la oswa chanjman an **dwe nesesè pou jwenn menm avantaj EA a ak moun ki pa gen andikap**. Fòm sa a se premye etap nan mande èd la oswa chanjman pou yon moun ki gen bezwen ki lye ak yon andikap. Fòm sa a pral gide w' nan fè demann pou èd epi li pral eksplike pwochen etap yo.
- Ki moun ki ta dwe itilize fòm sa a?** Sèvi ak fòm sa a, si oumenm oswa yon manm fanmi w bezwen èd anplis oswa yon chanjman akòz yon andikap. Ou ka bezwen èd sa a depi kounye a oswa alavni.
- Ou bezwen èd pou ranpli fòm sa a?** Si w bezwen èd pou ranpli fòm sa a, kontakte Kowòdonatè ADA a nan chèltè w la oswa nan EOHLC pou jwenn èd.
- Ki moun ki ka ranpli fòm sa a?** Ou ka ranpli fòm sa a poukont ou, avèk yon manm fanmi, anplwaye EOHLC oswa chèltè, oswa nenpòt lòt moun ou chwazi.
- Èske gen plis pase yon moun nan fwaye a ki bezwen yon aranjman?** Tanpri ranpli yon nouvo fòm pou chak moun.

Kisa yon andikap ye?

Yon andikap¹ se yon kondisyon sante ki afekte lavi yon moun nan gwo fason. Sa a ka gen rapò ak sante fizik, mantal, oswa emosyonèl.

Pa egzanp, yon pwoblèm sante ki afekte:

- | | |
|---|---|
| <ul style="list-style-type: none">KonpòtmanMouvman (Mache)PaleTandeVizyonRespirasyonManjeFè travay fizik, tankou soulve chajKijan kò a fonksyone (egzanp: ògàn, sikilasyon san) | <ul style="list-style-type: none">TravayLektiEkritiAprantisajPanseKonsantrasyonSekiritePran swen tèt ouEntèaksyon avèk lòt moun |
|---|---|

¹ Lalwa defini yon andikap kòm:

- Yon twoub fizik oswa mantal ki
- limite konsiderableman
- youn oswa plizyè gwo aktivite nan lavi.



Demann pou Aranjman Rezonab: Abri Ijans Fanmi Massachusetts EA

Ki sa ki yon aranjman rezonab?

Ou ka mande èd siplemantè oswa yon chanjman, (pa egzanp, yon chanjman nan yon règ oswa nan inite chèltè) akòz yon andikap. Ou ka mande èd ou bezwen kounye a, oswa yon bagay ou pral bezwen alavni. Ou ka mande èd oswa yon chanjman ou bezwen kounye a akòz yon andikap ki te afekte evènman nan tan lontan.

EOHLC pral deside si li posib pou bay èd siplemantè a yon fason rezonab oswa fè chanjman an. Yo rele sa yon aranjman rezonab.

Enfòmasyon sou Fwaye a

Non Chèf Fwaye a

4 dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal la

Dat ou fè

Adrès postal chèltè a

Nimewo telefòn

Adrès imèl

Non moun ki bezwen aranjman an

Relasyon ak Chèf Fwaye a (pèsonèl, timoun,
konjen, elatriye)

Enfòmasyon sou Fwaye a

4 dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal moun ki
bezwen aranjman an

Dat fèt moun ki bezwen aranjman an

Non moun ki ranpli fòm sa a

Relasyon ak fwaye a

Nimewo telefòn

Adrès imèl

Adrès postal



Demann Aranjman w lan

Sa a se yon lis èd oswa chanjman yo souvan mande. Tanpri tcheke tout bwat ki aplike pou moun ki bezwen aranjman an.

Yon Demann pou yon Transfè Akòz yon Andikap:

Remak: Sa ka pran tan pou transfere fanmi w si demann ou an apwouve. Nou gen yon kantite chèltè limite. Tan transfè yo depann de yon kantite faktè.

- Mwen mande pou yo mete m nan yon sèten tip chèltè akòz yon andikap. Tanpri eksplike anba a:

- Mwen bezwen transfere nan yon chèltè kote mwen pa pataje espas ak lòt fanmi yo.

- Mwen bezwen viv tou pre yon sèten zòn oswa kote akòz yon andikap. Zòn nan oswa kote mwen bezwen viv tou pre l la se:

Yon Demann Chanjman nan Règ yo Akòz yon Andikap:

- Mwen bezwen yon chanjman nan orè reyinyon mwen yo.

- Mwen bezwen yon chanjman nan travay yo mande m fè nan chèltè a.

- Mwen bezwen yon chanm ki gran ase pou mwen ka mete ekipman medikal mwen yo. Ekipman mwen genyen yo se:

Demann Aranjman w lan

- Mwen pran medikaman ki dwe konsève yon kote ki frèt. Mwen bezwen yon frijidè pou kenbe medikaman mwen yo.

- Mwen gen bezwen rejim alimantè espesyal. Mwen bezwen aksè a yon espas pou kwit manje, oswa plis tan pou kwit manje, pou m' ka swiv rejim espesyal mwen an.

- Mwen bezwen yon chanjman nan règ kouvrefe chèltè a. Akòz andikap mwen, mwen bezwen kite byen bonè nan maten oswa retounen byen ta nan nwit.

- Lòt:

Yon Demann pou yon Inite ki gen Karakteristik Espesyal:

- Mwen bezwen yon plasman chèltè ki pa gen okenn kapèt.

- Mwen pa ka monte eskalye. Mwen bezwen yon chèltè kote mwen pa bezwen monte okenn eskalye.

- Mwen pa ka monte plis pase _____ mach eskalye. Mwen bezwen yon kote mwen pa bezwen monte plis pase kantite mach eskalye sa a.

- Mwen itilize yon chèz woulant. Mwen bezwen yon chanm chèltè ki aksesib pou chèz woulant.

- Mwen itilize yon chèz woulant. Mwen bezwen yon douch oswa basen kote chèz woulant mwen ka woule nan oswa yon basen koupe.



Demann Aranjman w lan

- Mwen gen pwoblèm pou m chita epi kanpe. Mwen bezwen kenbe ba yo pou ede m itilize douch la oswa basen an.
- Mwen gen pwoblèm pou m chita epi kanpe. Mwen bezwen kenbe ba yo pou ede m itilize twalèt la.
- Mwen bezwen yon chèz nan douch mwen an oswa nan basen mwen an.
- Mwen bezwen yon tèt douch ki ka itilize avèk men.
- Mwen soud oswa tandé di. Mwen bezwen yon alam souke kabann pou reveye m.
- Mwen soud oswa tandé di. Mwen bezwen yon sonèt k ap flache pou fè m konnen lè moun nan pòt chanm mwen an.
- Mwen soud oswa tandé di. Mwen bezwen yon alam dife k ap flache pou fè m konnen lè gen yon dife. Mwen bezwen alam dife a tou pou souke kabann mwen si m ap dòmi.
- Mwen pa ka wè oswa mwen gen pwoblèm vizyon. Mwen bezwen èd pou jwenn bagay nan chèltè mwen an. Mwen bezwen bagay tankou bray oswa estikè sou aparèy mwen yo.
- Mwen pa ka wè oswa mwen gen pwoblèm vizyon. Mwen bezwen pou yo ban mwen dokiman yo an bray oswa li byen fò pou mwen.

Yon Demann ki gen rapò ak Kominikasyon:

- Mwen pa ka li oswa gen difikilte pou li. Mwen bezwen yo li dokiman enpòtan yo pou mwen.
- Mwen gen difilkte pou sonje bagay sa yo. Mwen bezwen anplwaye abri a pou ede m konprann sa mwen bezwen fè ak lòt enfòmasyon mwen bezwen konnen.
- Mwen gen difikilte pou sonje bagay sa yo. Mwen bezwen anplwaye yo ekri bagay yo pou mwen nan langaj klè.

Demann Aranjman w lan

- Mwen soud oswa mwen gen difikilte pou tandé, epi mwen bezwen èd pou kominike. Pa egzanp, entèpretasyon lang siy ak sèvis relè pa telefòn.

Demann pou yon bêt sèvis oswa bêt sipò:

- Mwen gen yon bêt mwen bezwen nan chèltè a. Bèt la se yon chen ki antrene pou fè travay espesifik pou mwen (yon bêt sèvis). Ki travay oswa tach chen an te antrene pou fè? Tanpri eksplike:

- Mwen gen yon bêt sipò emosyonèl mwen bezwen nan chèltè a akòz andikap mwen:

- Mwen gen yon lòt tip bêt sipò mwen bezwen nan chèltè a akòz andikap mwen. Tanpri eksplike:

Demann ki gen rapò ak yon Aksyon Disiplinè:

- Yo te ban mwen yon non-konfòmite oswa lòd pou kite chèltè a.* Non-konfòmite a oswa lòd pou kite chèltè a gen rapò ak andikap mwen an. Mwen mande pou yo retire non-konfòmite a oswa lòd pou kite chèltè a.

*Tanpri tache yon kopi non-konfòmite a oswa lòd pou kite chèltè a nan fòm demann sa a lè w soumet li.



Demann Aranjman w lan

Lòt Tip Demann:

- Mwen bezwen yon asistan swen pèsonèl.
Tanpri eksplike:

Konbyen fwa ou bezwen moun nan: (egzanp:
chak jou, chak semèn, chak 2 jou, elatriye):

Apeprè konbyen èdtan nan yon jounen ou
bezwen moun

Èske w bezwen moun nan lannwit?

- Yes No

Ki non PCA (doktè) w la? Ki relasyon moun sa a
genyen avèk ou?

Èske moun sa a travay avèk yon ajans? Ki non
ajans lan?

- Yes No

Demann Aranjman w lan

Lòt Tip Demann:

- Mwen pèdi lojman mwen pou yon rezon ki
anjeneral pa ta kalifye pou pwogram EA a.
Rezon ki fè mwen pèdi lojman mwen an te gen
rapò ak andikap mwen. Tanpri eksplike:

- Lòt – aranjman mwen bezwen an se:



Poukisa ou bezwen aranjman an (yo)

- Di nou poukisa ou bezwen èd la pou chak bwat ou tcheke pi wo a. Ban nou otan detay ou kapab sou èd ou bezwen an.
- Eksplike kijan èd la gen rapò ak andikap ou.
- Eksplike poukisa ou bezwen èd pou benefisyè pwogram EA a.
- Pataje tout detay anplis sou èd ou bezwen an.
- Si ou gen yon lèt konsènan èd ou bezwen an, tanpri mete li avèk fòm sa a. Lèt sa a dwe soti nan men yon moun ki gen konesans dirèk sou bezwen andikap ou yo.



Kisa ki rive apre sa?

Nou pral revize demann ou an epi pran yon desizyon oswa di ou si nou bezwen plis enfòmasyon nan 30 jou oswa mwens. Li ka ede si ou ban nou yon lèt ki soti nan men yon moun ki ede w'ak andikap ou a. Pa egzanp, yon doktè, yon terapis, yon travayè sosyal, oswa yon founisè sipò kanmarad.

Nou ka bezwen plis enfòmasyon nan men ou anvan nou ka pran yon desizyon. Si sa rive, n ap kontakte w pa telefòn oswa pa imèl. Ou dwe reponn a imèl oswa apèl nou an. Nou pa ka deside demann ou an si ou pa reponn nou.

Si nou bezwen plis enfòmasyon, w ap gen de opsyon.

- Opsyon 1:** Nou pral ba ou yon fòm pou bay doktè ou oswa founisè sèvis ou ki ede ak andikap ou. Yo rele fòm sa a Sètifikasyon Bezwèn pou Aranjman Rezonab. Li pral mande founisè w la pou konfime enfòmasyon nou bezwen yo.
- Opsyon 2:** Nou ka kontakte epi voye fòm Sètifikasyon Bezwèn pou Aranjman Rezonab bay yon doktè oswa founisè sèvis ki ede w avèk andikap ou. Si ou vle nou fè sa, ou dwe siyen Konsantman pou Demann Fòm Aranjman Rezonab la epi ba nou li.

Nou pral sèlman pale ak founisè w la sou demann ou te fè nan fòm sa a. Nou pral sèlman mande enfòmasyon nou bezwen pou apwouve oswa refize demann ou an. Si ou pa gen yon doktè oswa founisè sèvis ki ede ak andikap ou a, nou pral pale avèk ou sou lòt opsyon.

Si nou deside nou bezwen plis enfòmasyon, n ap kontakte w pa telefòn oswa pa imèl. Ou dwe reponn a imèl oswa apèl nou an. Nou pa ka deside sou demann ou an si ou pa reponn nou.

Nou ka bezwen pale avèk ou sou demann ou an. Nou ka mande si yon lòt kalite èd ta satisfè bezwen ou yo. Si sa rive, n ap kontakte w pa telefòn oswa pa imèl. Ou dwe reponn a imèl oswa apèl nou an. Nou pa ka deside sou demann ou an si ou pa reponn nou.

REMAK: Si nou apwouve demann ou an, sa ka toujou pran tan pou bay aranjman an.

Siyati

Ekri non w' an lèt detache sou liy sa

Fason **ki pi rapid** pou kòmanse revizyon demann ou an se voye yon imèl bay Kowòdonatè Santral ADA a nan adrès imèl ki anba a.

Ou ka tou:

- Voye demann ou pa faks oswa pa lapòs bay Kowòdonatè ADAC Santral la; OSWA
- Remèt fòm nan bay nenpòt anplwaye chèltè oswa EOHLC. Apre sa, yo pral voye li bay Kowòdonatè Santral ADA a.

Dat jodia:

Relasyon ak moun ki gen andikap la (pèsonèl, manm fanmi, defansè)

Enfòmasyon kontak pou Kowòdonatè Santral ADA a:

- Pa imèl: EOHLCeaada@mass.gov
- Pa faks: 617-573-1578
- Pa lapòs:

Kowòdonatè Santral ADA
Divizyon Estabilizasyon Lojman
EOHLC
100 Cambridge Street, 3rd Floor
Boston, MA 02114